



# Anansi ak Lasajès

- ✍ Ghanaian folktale
- ✒ Wiehan de Jager
- ☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 🔊 Level 3





Nan tan lontan, moun yo pate konn fè anyen. Yo pate konnen kijan pou yo fè jaden, trese pay oswa fè zoutil fè. Bondye Nyame ki nan syèl la te gen anpil anpil lasajès. Li te kenbe tout sajès sa nan yon po tè kwit.



Yon jou Nyame deside ke lap bay Anansi po lasajès sa a. Chak fwa Anansi te gade anndan po tè kwit lan li te aprann yon lòt bagay. Ala yon bèl bagay!



Anansi ki te yon moun egois di tèt li « Mwen pral sere po sa a sou tèt gwo pyebwa sa a konsa lap rete pou mwen sèl! » Li file yon kòd byen long nan po tè kwit la epi li mare li sou vant li. Li kòmanse grenpe pyebwa a. Men li te difisil pou'l monte pyebwa a paske po an tap bat sou jenou'l toutan.



Pandan toutan sa a, ti gason Anansi te kanpe anba pyebwa a lap gade : « Li pa ta pi fasil si'w te mare po sa a sou do ou pito ». Anansi eseye mete po lasajès la sou do'l epi li te pi fasil toutbon.



Nan yon titan Anansi rive sou tèt pyebwa a. Li kanpe enpi li di tèt li « Mwen te kwè ke se mwen sèl ki te gen tout lasajès epi men ptit gason'm nan gen plis lasajès pase mwen ! ». Anansi te tèlman fache sou bagay sa a ke li jete po tè kwit la atè a.



Po an krase tibout enpi tout moun jwenn mòso ladan'l. Se lè sa a ke moun yo aprann fè jaden, trese pay, fè zouti fè ak tout lòt bagay ke moun konn fè koulyè a.



## Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](http://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

### Anansi ak Lasajès

Written by: Ghanaian folktale

Illustrated by: Wiehan de Jager

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](http://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](#).